

Yon mango pou Gran Papa

Caroline Hudicourt
Ismer Saincilus fè ilistrasyon yo

Pou papa m, Georges Hudicourt. Bon kè l ak
kè kontan l mete lavi nan tout istwa sa a.
E pou pitit mwen yo, Jessica ak Anaïs, ki te
ede m wè maladi gran moun li a ak bon
santiman yon ti moun piti.

-C.H.

Depi m manje yon mango, mwen toujou sonje Gran Papa...


Pwenp, pwenp, pwenp !

« Gran Papa la ! » Nou tout kouri deyò pou n al kontre avè l.

Antan l ap soti nan machin nan, li di nou ak kè kontan :

« Vin wè mango m pote yo ! »

Nou senk (5) nan pitit pitit li yo te soti pou n ede l bwote mango yo. Ak venn sèt (27) pitit pitit nan fanmi li, li pa t janm gen pwoblèm pou l jwenn moun ede l.





Nou te konn chita ansanm bò tab la pou n koupe epi mòde bèl mango byen dous, mango ki plen ji.

Gran Papa te konn di nou : « Pa gen yon peyi sou latè ou ka jwenn mango ki pi bon pase sa yo ! »


Gran Papa te tankou yon solèy ki te fè koulè lavi nou yo klere pi byen.

Yon jou, apre lekòl, li vin chèche kèk nan nou. Li mennen nou achte mango. Li kanpe nan lari a bò yon machann ak yon bourik chaje ak mango nan de (2) gwo sak pay sou do li.

Gran Papa mande : « Konbyen bourik la ? »

De (2) je machan nan sot nan tèt li lè li di : « Gen moun k achte pa douzenn. Men, m poko genyen k achte pa bourik ! »

Nou tout pete ri.





Gran Papa te toujou renmen wè kay li plen ak ti moun, epi lè n al wè l, li toujou jwenn yon rezon pou l rele nou bò kote li.

« Matiiin !!! Tanpri, al pran yon ti dlo pou mwen. »

Sè m nan reponn depi nan chanmòt kay la:

« Wi, Gran Papa ! »

Yon ti moman apre, antan m ap travèse nan lasal la, li mande m: « Anayiz, al pran yon ti dlo pou mwen, tanpri. »

« Wi, Gran Papa. »

Lè kon sa, se bouskilad k ap fèt nan kizin nan pou n pran dlo.


« Te m pran dlo a avan, se pou Gran Papa. »

« Mwen menm tou, pa m nan se pou li ! »

Nou pyès pa t janm ba l repons tankou : « Sa k fè ou pa al pran dlo w pou kont ou. »

Nou te konnen li te travay di anpil ; li te konn wè ant karant (40) ak swasant (60) malad chak jou. Se sa k fè, lè l te rantre lakay li, li te gen dwa pou l fè lòt moun okipe l.





Lè nou pa t sou fè komisyon, nou te mache sou pwent pye nou antan n ap pase bò televizyon an pou l pa wè nou.

Byen souvan, li te konn twonpe lè li t ap rele nou : li te rele Matin « Anayiz », Valeri « Monika », Lwi-Gari « Patris ».

Sa te konn fè nou ri anpil.

Men, yon jou, nou wè se pa twonpe li te twonpe ankò ; li pa t sonje non nou ditou. Nou sispann ri.

Yon lè k rive, li vin pa ka wè ki kote li ye.
Li pran rele : « M vle al lakay mwen ! »

Mwen reponn li antan m ap pase men mwen sou tèt chòv
li a : « Ou deja lakay ou ! »

Gran Papa vin pa ka soti pou kont li ankò. Li pa t ka achte
mango pou nou ankò.

M mande grann mwen : « Sa k pase Gran Papa la a ? »

Li reponn : « Li malad nan tèt. Sèvèl li koumanse gran
moun. Li fè anpil tan l ap okipe nou. Kounye a, se nou ki
pou okipe l. »





Yon apremidi, antan m ap tounen sot lekòl, m wè kèk pye mango bò wout la. M deside keyi kèk ladan yo pou Gran Papa.

M te konn moute ti pye gwayav yo. Men, m pa t janm abitye moute gwo pye mango yo anvan sa. M moute sou youn nan sa k te pi piti yo. Atè a te parèt si tèlman lwen ! Malgre m te pè, m kontinye rale moute.

M vanse kò m sou yon branch, m lonje bra m mezi m te kapab nan direksyon pi bèl mango a epi m louvri men m byen louvri. Kè m t ap bat tankou yon manman tanbou. Wotè m te vin kwoke kò m nan pa t enpòtan pou mwen ankò. Sèl bagay ki te nan tèt mwen se te keyi mango sa a pou Gran Papa. M kenbe l, m rale l. Lè m wè l chita nan men m, m santi m fyè.





M kouri rive kay Grann ak Gran Papa.

« Men, Gran Papa ! Gade sa m pote pou ou ! »

Li di: « Mèsi !!! Se youn nan pi bèl mango m janm wè ! ».

Se pa de kontan m te kontan. Se konm si m ta di w m te santi m vin gran moun tèt mwen.

Gran Papa kanpe, l ale nan kizin nan, li koupe mango a epi l manje l pou kont li.


Depi lè sa a, chak jou m pote yon mango pou li.


Yon jou, li vin gen anpil pwoblèm pou l koupe mango a pou kont li. Men, li pa mande m ede l. M ede l kanmenm.

Li di m : « Mèsi » — tou dousman, menm jan m te konn tande l ap di Grann Edit tout jounen.

Yon jou, m vin oblije ap met moso mango nan bouch li ak yon kiyè. Li vin sispann ri epi l tonbe chante yon chante m pa t ko janm tande. Li dwe te aprann li lè l te ti moun.

« Bondye, m pa gen anyen pou m ba ou, Apa de vye kè mwen ki bouke soufri. Jan mwen ye a, jan mwen ye a Sèl byen mwen se mizè m. »





Yon jou rive, li vin pa ka manje mango m te pote yo ankò ; yo te fè l malad. Li pa t prèske te ka vale anyen ankò. M sispann ba l manje. Grann Edit te okipe sa. Men, m te ka kenbe men l toujou.

Se ale li t ap prale. E li te bezwen ale. Soufrans lan te vin twòp pou li.

Epi yon jou, nan lekòl mwen, yo rele m nan direksyon an.
Lè m wè figi direktris la, m santi te gen yon pwoblèm.

« Manman w fèk rele. Li pral vin chèche w pou l
mennen w kay Gran Papa w. Li fèk mouri. »

M te santi m tris. Men, kè m te poze. M konnen m t ap
pral sonje l anpil. Men, m te deja konnen lè pa l te rive.





Pou lantèman l, tout arebò sèkèy li nou te mete tout kalite fwi : mango, zannana, zoranj epi yon pakèt lòt ankò.

Jesika, ti sè mwen, mande : « Ki jan Gran Papa pral fè pou l manje tout bagay sa yo ? »

M reponn : « Li pa bezwen manje yo. Nou vle fè l wè nou renmen l. Se yon jès lanmou, se manje pou kè li. »

Aprè lantèman an, nou separe fwi yo. Epi kounye a, chak fwa nou mòde yon mango, nou sonje Gran Papa.

Yon mango pou Gran Papa

Caroline Hudicourt
Ismer Saincilus fè ilustrasyon yo

Amsterdam
Budapest
New York

